

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan dua hal nya éta kacindekan tina sakabéh kagiatan panalungtikan, jeung saran tina hasil panalungtikan ngeunaan “Ngalarapkeun média pangajaran sketsa pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy siswa kelas XII-IPS.1 di SMA Yayasan Atikan Sunda (YAS) Bandung.” Anapon pedaranana saperti ieu di handap.

#### 5.1. Kacindekan

Kacindekan dina ieu panalungtikan nyoko kana tujuan panalungtikan, hasil panalungtikan, jeung pedaran panalungtikan nu geus didadarkeun dina bab saméméhna. Anapon kacindekkanana saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh siswa kelas XII-IPS.1 dina siklus I masih kénéh handap, jumlah persentase siswa nu geus tuntas Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) jeung nu can tuntas KKM bédana ganjor pisan.
- 2) Digunakeunana média pangajaran sketsa dina pangajaran nulis ngajadikeun siswa leuwih sumanget pikeun diajar. Hal ieu ditandaan ku beuki lobana siswa nu migawé éséy, dina pra-panalungtikan siswa nu teu migawé tugas 10 urang, sedengkeun dina siklus I jeung siklus II sakabéh siswa nu hadir migawé éséy. Salian ti éta, waktu nu dipikabutuh ku siswa pikeun migawé tugas beuki sakeudeung.
- 3) Média pangajaran sketsa mampu ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas XII-IPS.I dina nulis karangan éséy. Hal ieu ditandaan ku beuki ngaronjatna peunteun nu dihontal ku unggal siswa dina unggal siklus panalungtikan.

## 5.2. Rekomendasi

Tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu baris ditepikeun ka sababarah pihak. Anapon saran-sandaranna saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun siswa kelas XII-IPS.1, sangkan bisa ngamangpaatkeun pangaweruh nu geus dicangking ti sakola pikeun diaplikasikeun boh dina kahirupan sapopoé boh dina hirup kumbuh jeung lingkungan masarakat. Salian ti éta ogé siswa kudu rajin ngalatih diri sangkan poténsi nu aya dina dirina bisa muncul jeung dipiharep siswa miboga rasa percaya diri sahingga bisa ngamotivasi diri pikeun ngahontal cita-citana.
- 2) Pikeun para guru, hasil tina ieu panalungtikan ngabuktikeun yén média pangajaran sketsa mampu ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis éséy. Ku kituna, ieu média téh bisa digunakeun ku para guru nalika ngajarkeun pangajaran nulis boh nulis karangan éséy boh nulis karangan lianna.
- 3) Pikeun mahasiswa lianna nu baris ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan média pangajaran sketsa, mangka pilih média skétsa nu luyu jeung perkembangan siswa.
- 4) Perlu diayakeun publikasi ka para guru hususna guru basa ngeunaan pamakéan média sketsa dina prosés pangajaran boh dina pangajaran nulis boh dina pangajaran nyarita.